

## Kayitu Gëstu u Jëfteefu Mëneefu Kaarange Mag Ñi (APS) Adult Protective Services (APS) Investigations Fact Sheet

Mënëefu Kaarange Mag ñi (APS) mu ngi gëstu ci benn seetlu bu gatt buy wone ne da nga siif, tumurañkeel, noot ci koppar, wala ñakk toppatoo mag bu neew doole.

Wayndare gi daf lay yegal ci doxalinu gëstu gi, say aqq, ak yeneen xibaar yu am solo. Ci wall u gëstu gi, APS di na yër ndeñc yii ak di gisante ak nit ñii ci wall u kaddu yii.

Lii juge ci gëstu gi mën naa am jeexital yu tar ci yow. Na nga jang lii ak teey.

Gëstu kat gi ñu jox sa mbir mooy:

Mën nga jukkoo ak ñoom ci:

### Yan Sañ-sañ laa am?

- Am nga sañ-sañu jël ku la taxawu (lu ci mel ni ab xarit, laayalkat, teewalkatu mbooloo, mbokk, wala toppatookat) ak yow ci biir gisante bi.
- Su fekke ne angale nekkul lakk bi nga tamm, am nga sañ-sañu laaj tekkikat boo dul fay (APS amul sañ-sañu jël ci mbokk yii ngir def ko tekkikat).
- Sañ ngaa baña bokk ci gisante bi, jeexal ko, wala wutalaat ko bes.
- Am nga sañ-sañu jox APS ay wayndare wala ay firnde yuy dëggal sa ay kaddu.

### Naka la APS di ma yegalee li juge ci gëstu gi?

- APS jël na ab dogal bu sukkëndiku ci firnde yi APS jota dajale ci biir gëstu gi. Xeet u dogal yi APS jël mooy:
  - **Yi Ñu Firndéel:** Li gën woor mooy ne xew-xew bi ñuy xelmati jot naa am
  - **Yi Ñu Firndéelul:** Li gën woor mooy ne xew-xew bi ñuy xelmati jotul am
  - **Lu mënul a tēŋku:** Mënu ñu xam ndax xew-xew bi ñuy xelmati jot naa am wala deet.
- Su fekke ni APS yaakaar na ne li gën mëna am mooy xew-xew bi jota am, di na la ko yegal ak bataaxal yi muy yonnee bu ordineer ak bu am sertifikaa.
- Su fekke ni APS dafa yaakaar ne li gën mëna am mooy xew-xew bi bañ a jot a am, di na leen ko yegal ci ay kaddu. Waa ASP mën na leen a jox ab bataaxal soo leen ko laajee.
- Su fekke ne APS imënul xam ndax xew-xew bi jot naa am wala deet, di na leen ko yegal ci ay kaddu. Waa ASP mën na leen a jox ab bataaxal soo leen ko laajee.
- Su fekke ni APS xamul fi nga dëkk ci jamono jii, di na yonnee bataaxal bi ci bërëb bu bon, te loolu mën na leen jural ngeen baña teewe ay ndaje yu am solo.

## **Lan la gis-gis bu am firnde di tekki ?**

Su fekkee ne APS dafa dogal ne, jiiñteefu toppatoo bu bon, caaxaante, bayyite wala nooteel ci koppar am na ñu "firnde", mën ngeen a ñaan ojaans su fekkee ne nañgu woo leen dogal googu. Su fekkee ne dogalu APS japp na ñu ko ba ci mujjug doxinu ojaans bi, sa tur di na ñu ko bind ci ab teere.

**Ñu bind la ci teere bi dafayy tekki ne doo mën a ligeey wala nekk baay-defalyalla ci bërëb boo xam ne di nga mën a jukkoo bu amul seede ak ay mag wala xale yu neew doole. Jamono jii amul benn yoon boo mën a gennee sa tur ci teere bi.**

## **Ndax mën naa bañ a nanngu ab dogal u APS?**

- Su fekkee ne APS dafa dogal ne xew-xew bi ñuy xelmati **amul firnde** wala **mujjul fennn**, amooleen loo leen di ragal.
- Su fekkee ne APS dafa dogal ne xew-xew bi ñuy xelmati am na **firnde** te nga bañ koo nangu, di nga mën laaj ojaans. Bataaxal u APS di na leen won naka ngay doxalee.

**Ngir laaj ojaans, am nga ba 17 waxtu ci ngoon ci 30 eel u bes bi weesu bu bes bi ñu la yonnee baataaxalu ministeer bi wala ñu yegal la ko ci kaddu, bu ci jëkk am moroomam rek.**

## **Ngir Yenéen i Xibaar**

Mën ngeen am yenéen i xibaar ci wallu APS ci internet bi ca <https://www.dshs.wa.gov/altsa/adult-protective-services-aps>.